## Qaraqalpaq tili hám ádebiyat

**1.** Berilgen jup sózlerdiń eki sıńarında da únsiz jubayı joq únli dawıssız ses qatnasqan juwaptı belgileń.

A) *qáddi-qáwmet, mázi-mayram, apa-sińli*

B) *ústi-ústine, ósip-óniw, ot-jem*

C) *sın-sıpat, taw-tas, meshit-medrese*

D) *kóylek-ıshtan, kól-dárya, kir-qoń*

**2.** Qazandı oshaqtan túsirgende astına qoyılatuǵın aǵashtan, temirden islengen dóńgelek zat mánisin bildiriwshi sóz qaysı gápte qollanılǵan?

A) *Jaqsıgúl shıraqtı jaǵaman degenshe ayaǵı menen túbelekti tewip aldı.*

B) *Qolındaǵı boǵjamanı bir shetke qoyıp, besiktegi balasın jubatıwǵa kiristi.*

C) *Sánem kergini qolına uslawı menen izinen qayta-qayta shaqırıp qala berdi.*

D) *Kelsaptıń janında kepshik tur edi, esik ashılǵan waqta samal menen azmaz dóńgeledi.*

**3.** Gáplerdegi dórendi sózlerdi sáykeslestiriń.
1) Kútilmegen bul quwanısh onıń qayǵıların pútkilley umıttırıp jiberdi.
2) Dáribay eliwden assa da ári shaqqan, ári epshil, kúshi jas jigitlerdikinen qalıspaydı.
3) Bul bala menen heshkimniń isi bolmadı, ol neni qálese, sonı isledi.
*a) dórendi atlıq; b) dórendi kelbetlik; c) dórendi feyil; d) dórendi ráwish.*

A) *1-b, a; 2-c, b; 3-c* B) *1-a; 2-b, c, d; 3-b*
C) *1-a, d; 2-b; 3-c* D) *1-b, a, d; 2-d, c; 3-d*

**4.** Tartım jalǵawı jalǵanǵanda ózgeriske ushıraytuǵın atlıq qaysı gápte qollanılǵan?

A) *Tal astında besik terbetip otırǵan ana jaǵımlı dawısı menen háyyiw aytpaqta.*

B) *Anası bergen tumar qızdıń ózi ushın eń qımbat bahalı nárse edi.*

C) *Quslar óz Ana – Watanına kelgen insan sıyaqlı quwana-quwana ushıp keledi.*

D) *Ádenbay balası menen jarǵı tartıp, túske deyin otınnıń ǵamın jep júrdi.*

**5.** Berilgen tekstte arttırıw dárejesindegi kelbetlik neshe jerde qollanılǵan?
*Kip-kishkene qańbaq domalap baratır. Sarı qumlardıń ústine gúmis shashılǵanday quyash nurları menen jalt-jult etedi. Sahranıń ınjıq minezine bola samal ot bolıp esip tur. Salqın-salqın ishimlikler kóz aldımnan óte berdi.*

A) *3* B) *2* C) *5* D) *4*

**6.** Túpkilikli tirkewish qaysı gápte shıǵıs sepligindegi sóz benen dizbeklesken?

A) *Táblesinde onnan aslam bedew bar, hámmesin de ózi baǵıp kele qılǵan.*

B) *Aspazlıqtan tısqarı tigiwshilik, toqıwshılıq ónerlerin de úyrendim.*

C) *Búginnen baslap men qoylardı, úkem mallardı baǵıwǵa kelistik.*

D) *Top uzaqtan tebilse de maǵan deyin pátinen qaytpay ushıp keldi.*

**7.** Shıǵıs sepligindegi sóz benen dizbeklesip waqıtlıq máni ańlatıp turǵan feyil tirkewish qaysı gápte qollanılǵan?

A) *Olardıń kóshiwi haqqında mennen tısqarı heshkim esitken joq.*

B) *Ulımxan eki kúnnen beri bir romandı oqıp juwmaqlay almadı.*

C) *Jańa baǵdarlamanı islew ushın eki aydan aslam waqıt sarpladı.*

D) *Erteńnen baslap shopanlar otawın jıǵıp, qonısın ózgertedi.*

**8.** Modal sóz qaysı gápte aytılǵan pikirge isenim bildiriw mánisinde qollanılǵan?

A) *Mágár, oylaǵanımnan beter qıyınshılıqqa dus kelsek kerek.*

B) *Adamnıń adamǵa miyirmanlıǵı usınday bolsa júdá maqul.*

C) *Joq, tábiyattıń sulıw sáni bolǵan tırnalardıń qaytıp keliwine isenemen.*

D) *Seniń bul iygilikli isleriń, hadal xızmetiń, sózsiz, unamlı bahasın aladı.*

**9.** Kóriniske eliklewish sóz qaysı gápte ushırasadı?

A) *Háptede bir ret bazar bolǵanlıqtan tań sáhárden oraylıq kóshede lek-lek adam.*

B) *Qarańǵıda qarmalanıp júrip taqır jerge-aq bılsh etti.*

C) *Ekewi minberdiń záńgisinen zińk-zińk etip tómen túse basladı.*

D) *Shopan uyqısın ashalmay esneydi, atlar gúldir-gúldir kisneydi.*

**10.** Qaysı gápte tolıqlawıshlıq qatnastaǵı sóz dizbegi ushırasadı?

A) *Shákirtleri aǵamdı júdá sıylaydı.*

B) *Bunıń heshqanday ayıp jeri joq.*

C) *Qarnıń toq, kóylegiń kók.*

D) *Ekewimiz de dizerlep otırdıq.*

**11.** Keste boyınsha tapsırmanı orınlań. Sanlardı sáykeslestiriw arqalı durıs juwaptı anıqlań.




A) *1-tez islew; 2-kóz tasladı; 3-ákesi tuwralı soradı*

B) *1-azanǵı salqın; 2-balıqshılar menen ushırastım; 3-sulıw jazadı*

C) *1-jaqsı oqıw; 2-nırqqa sıymaw; 3-jayawlap qayttı*

D) *1-bólmeniń ishi; 2-kózdi ashıp jumǵansha; 3-aq oramal*

**12.** Berilgen mısalda atlıqlasqan kelbetlik qaysı gáp aǵzası?

*Qapalanıp tartqanda jábir,*
*Súyenedi adamǵa adam,*
*Quwanısh ta jalǵızǵa awır,*
*Súyenedi adamǵa adam.*

A) *tolıqlawısh* B) *anıqlawısh* C) *baslawısh* D) *pısıqlawısh*

**13.** Kelbetlik feyilge betlik qosımtası jalǵanǵan sóz ushırasatuǵın qaysı dialogta sóz gápler qollanılǵan?

A) *– Ata, bul jigitler toydıń xabarshıları eken.*

*– Bárekellá! Qutlı bolsın, balalarım. Awıllasıń quwanǵanda quwanbaq jaqsı ǵoy!*

B) *– Oho! Jaqsı, jaqsı, biz ilgerirekte tanısqanbız, Jádiger aǵa.*

*– Awa, awa! Bile-bilseń, is jóninde birtalay sóyleskenbiz de?!*

C) *– Men búgin Erjan Serjanovqa ırazı boldım, – dedi Qudaybergen.*

*– Burın-she?! – dedi kópshilikten bir adam Qudaybergenge.*

D) *– Men awırıwman, júdá qástemen, óytkeni óz nápsim biylegen meni!*

*– Ha-ha-ha, endi ańladıń ba? Heshten kóre kesh... – dedi mısqıllı ashshı kúlki aralas.*

**14.** Bayanlawısh baǵınıńqılı qospa gápti anıqlań.

A) *Kimde-kim náwbetshi bolsa, ol tazalıq jumıslarına juwap beredi.*

B) *Qaysı úy tatıwlıqta paraxat ómir keshirse, sol úy baxıtlı.*

C) *Qırq kúnlik qazıwdıń awırlıǵı sonday, toǵız adam tayaqtan jıǵıldı.*

D) *Kim kitap penen doslasıwdı qálese, kitap onı aqıllı etedi.*

**15.** Juwaplarda berilgen dóretpelerdiń qaysı birinde balalarǵa qaraqalpaq xalqına tán miymandoslıq dástúrin uqtıradı?

A) *"Há túyeler, túyeler"*
B) *"Áwelemen, dúwelemen"*
C) *"Hakke qayda?"*
D) *"Jawma kúnim, jawma"*

**16.** Tómende berilgen xalıq awızeki dóretpesine juwaplardaǵı qaysı maǵlıwmat sáykes durıs keledi?

*Barǵan jerim shadlıqqa,*
*Tolarmeken háwjar.*
*Jat jurtlar óz elimdey*
*Bolarmeken háwjar.*

A) *Uzatılar aldındaǵı qızdıń ishki debdiwi.*

B) *Íshqı-muhabbat haqqındaǵı qosıqlardan.*

C) *Sóz qúdireti arqalı adamlardı emlew.*

D) *Adam basına túsken qayǵı-músiybetti bayanlaw.*

**17.** Tómende berilgen didaktikalıq mazmundaǵı úzindi juwaplarda kórsetilgen qaysı shıǵarmadan alınǵan?
*Eger aqılıń bolsa, óner úyren, sebebi, ónersiz aqıl – lipassız tán yaki bet-álpeti joq adam sıyaqlı. Bilim – bul aqıl belgisi degen ekenler.*

A) *"Qalila hám Dimna"*
B) *Ezop tımsallarınan*  C) *"Qabusnama"*
D) *Rabǵuziy ráwiyatlarınan*

**18.** Tómende berilgen jumbaq úlgisi juwaplarda berilgen qaysı shıǵarmada ushırasadı?
*Sende, mende joq,*
*Senger tawda joq,*
*Otta, tasta joq,*
*Qıpshaqta joq.* (Qustıń súti).

A) *"Kodeks kumanikus"*  B) *"Oǵuznama"*
C) *"Avesto"*  D) *"Kitab dedam Korkut"*

**19.** Mómin ǵarrı, Bekey apay, Gúljamal obrazları juwalarda berilgen qaysı shıǵarmada ushırasadı?

A) *R.Gamzatov, "Balalıqtaǵı umıtılmas waqıya" gúrrińi*
B) *Sh.Aytmatov, "Aq keme" povesti*
C) *Ǵ.Ǵulam, "Sum bala" povesti*
D) *Aybek, "Balalıq" povesti*

**20.** Shuwmaqtı oqıń.
*Janımday súyemen miynetim seni,*
*Tek óziń kámalǵa keltirdiń meni.*
*Sen ónerim hám jemisim, quralım,*
*Ózińnen alaman gózlesem neni.*
("Miynetim")
Qosıqtıń avtorın anıqlań.

A) *N.Japaqov*  B) *A.Dabılov*
C) *S.Nurımbetov*  D) *I.Yusupov*